

## REZIME AN LANGAJ SENP POLITIK SOU PWOGRAM ÈD FINANSYE A

### Èd Finansye Nou Ofri an

Broward Health ofri èd finansye nan kad Pwogram Èd Finansye li an pou peye depans sèvis ijan oswa ki nesèsè medikalman pou pasyan ki pa gen asirans ki gen rezidans pèmanan nan zòn sèvis Broward Health la epi ki respekte lòt kondisyon yo nan Politik sou Pwogram Èd Finansye a. Pasyan yo admèt pa transpò dijans oswa nan lòt sikonstans ki akseptab epi ki pa respekte kondisyon rezidans yo kapab kalifye pou apwobasyon yon sèl fwa dapre lòt kondisyon yo nan politik Pwogram Èd Finansye a.

### Kijan pou Fè Demann pou Èd

Pou fè demann èd finansye, kandida yo dwe rasanble tout enfòmasyon yo mande sou lis kontwòl èd finansye a epi rankontre pèsònèlman avèk yon konsèyè finansye Broward Health pou ranpli yon demann èd finansye sou entènèt.

### Enfòmasyon pou Kontakte

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Èd Finansye Broward Health la, oswa pou yo ede ou avèk pwosesis demann nan, tanpri vizite nou sou entènèt nan [www.browardhealth.org/moped](http://www.browardhealth.org/moped). Gen plis enfòmasyon disponib tou pa lapòs oswa an pèsonn nan toulekat Sant Medikal yo.

Broward Health Medical Center, 1600 S. Andrews Avenue, Fort Lauderdale, FL 33316 (954) 355-5442  
Broward Health North, 201 E. Sample Rd., Deerfield Beach, FL 33064 (954) 786-6589  
Broward Health Imperial Point, 6401 N. Federal Highway, Fort Lauderdale, FL 33308 (954) 776-8708  
Broward Health Coral Springs, 300 Coral Hills Drive, Coral Springs, FL 33065 (954) 344-3006.

### Kondisyon Kalifikasyon

Chak demann pou èd finansye ak deklarasyon revni ap sèvi pou detèmine kalifikasyon pou tout manm yon fanmi ki pa gen asirans ki gen non yo nan fòmilè demann nan.

Kandida yo dwe toudabò fè demann pou pwogram èd ki disponib yo (kèk egzanp, pami lòt, se Health Insurance Marketplace, Medicaid, Medicare, Florida KidCare, elatriye) epi suiv pwosesis demann nan, pou nou jije yo kalifye pou èd finansye Broward Health la. Si yo pa fè sa konsekans la se ap refi demann nan oswa revokasyon èd finansye ki te apwouve a.

Konfòmeman ak Liy Direktris Federal yo pou Pòvte (Federal Poverty Guidelines) yon kandida ki kalifye/apwouve ki gen revni fanmi li ki tonbe pi ba pase oswa ki a 200% Liy Direktris Federal yo pou Pòvte ap resevwa èd finansye konplè avèk yon responsabilite ko-peman \$10 oswa \$25 (dapre nivo revni li).

Kandida yo dwe bay prèv sitwayènte ameriken oswa rezidans legal pèmanan oswa yo dwe te rete andedan fwontyè jeyografik Broward Health yo depi 30 jou pou pi piti anvan dat sèvis la pou yo kalifye pou èd finansye.

### Disponibilite Tradiksyon Politik sou Èd Finansye a

Tradiksyon Politik sou Èd Finansye a, Fòmilè Demann Pwogram Èd Finansye a ak rezime sa a an langaj senp disponib nan lang angle, panyòl, pòtigè, ak kreyòl nan [www.browardhealth.org/moped](http://www.browardhealth.org/moped).

### Montan Yo Jeneralman Mande Peye

Yon p ap mande yon pasyan ki kalifye pou èd finansye peye plis pase montan yo jeneralman mande moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo peye pou swen ijan oswa lòt swen ki medikalman nesèsè